

**TRADHISI LARUNG SESAJI WONTEN ING TLAGA PASIR, DESA SARANGAN, KECAMATAN PLAOSAN, KABUPATEN MAGETAN**

**E-JOURNAL SKRIPSI**

Dipunaturaken dhateng fakultas Bahasa dan Seni  
Universitas Negeri Yogyakarta  
Minangka Jejangkeping sarat kangge  
Anggayuh Gelar Sarjana Pendidikan



dening:  
**Hurril Fitri Aini**  
NIM. 14205241031

Yogyakarta, 21 Februari 2018  
Pembimbing,

Prof. Dr. Suwardi, M.Hum  
NIP. 19640403 199001 1 004

Yogyakarta, 21 Februari 2018  
Ketua Jurusan,

Prof. Dr. Suwardi, M.Hum  
NIP. 19640403 199001 1 004

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA  
JURUSAN BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA  
2018**

TRADHISI LARUNG SESAJI WONTEN ING TLAGA PASIR, DESA SARANGAN, KECAMATAN PLAOSAN, KABUPATEN MAGETAN

*THE TRADITION OF LARUNG SESAJI IN TELAGA PASIR, SARANGAN VILLAGE HEAD, PLAOSAN DICTRICT, MAGETAN REGENCY*

Dening: Hurril Fitri Aini, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta [hurrilainii@gmail.com](mailto:hurrilainii@gmail.com)

### **Sarining Panaliten**

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken asal-usul wontenipun tradhisi larung sesaji, lampahing tradhisi larung sesaji, sesaji saha makna simbolik, sarta paedahipun tradhisi larung sesaji tumrap masarakat penyengkuyungipun. Panaliten menika migunakaken *metode* panaliten *kualitatif*. Caranipun ngempalaken data ing salebeting panaliten menika migunakaken *pengamatan berperanserta* saha *wawancara mendalam*. Caranipun nganalisis data ingkang dipunginakaken inggih menika mawi teknik analisis *induktif*. Caranipun ngesahaken data lumantar *triangulasi sumber* saha *triagulasi metode*. Asiling panaliten menika nedahaken bilih: (1) Asal-usul tradhisi larung sesaji menika wonten kalih *versi*, ingkang angka setunggal gegayutan kaliyan mitos menawi tlaqa pasir menika papan ingkang sakral saha kathahipun kacilakan ingkang dumados ing tlaqa. Ingkang angka kalih menika gegayutan kaliyan adat tradhisi masarakat Sarangan kangge mengeti tumapaking warsa Ruwah. (2) Lampahing tradhisi larung sesaji inggih menika awujud tirakatan, pager desa, nglarung sesaji, saha wilujengan. (3) Sesaji saha makna simbolik ingkang dipunginakaken kangge larung sesaji menika kangge mahyakaken raos sukur warga dhateng Ngarsanipun Gusti Allah, supados warga masarakat penyengkuyung piningan kawilujengan, katentreman, saha kebagaswarasan. (4) Paedahipun tradhisi larung sesaji tumrap masarakat panyengkuyung inggih menika (a) sarana nyenyuwun kawilujengan, (b) ngregengaken pariwisata Tlaqa Pasir, saha (c) ngindhakaken *ekonomi* masarakat.

Pamijining tembung : *Tradhisi Larung Sesaji, Tlaqa Pasir*

### **Abstract**

*This research was aimed to describe origins of larung sesaji (float offerings) tradition, larung sesaji process, sesaji and sesaji symbolic meaning and also larung sesaji tradition function for its supporting community. This was a quantitative research. Research data was obtained using a participation observation technique and an in-depth interview. Data analysis technique used was an inductive analysis. Data validity observation technique in this research used a source and method triangulation technique. The research results showed that: (1) origins of larung sesaji tradition has two version includes: firstly, the relationship between a mythos that tell a sacred board sand lake and lots of accident victims in that lake, secondly the relationship of Sarangan community tradition customs to celebrate an event in Ruwah (Javanese month), (2) larung sesaji procession are in forms of tirakatan (commemoration), pager desa, larung sesaji and selamatan (ceremonial event), (3) sesaji and symbolic meaning used in larung sesaji means gratitude to Allah SWT on bounty and enjoyment given, so that its supporting community obtain welfare, peace and health, (4) larung sesaji tradition function for its supporting community covers (a) religious function, (b) sand lake tourism function and (c) economic function.*

*Keywords: Larung sesaji tradition, sand lake.*

## PURWAKA

Salah satunggalipun wujud kabudayan ingkang taksih dipuntindakaken dening masarakat inggih menika Tradhisi Larung Sesaji wonten ing Tlaga Pasir Desa Sarangan Kecamatan Plaosan Kabupaten Magetan. Panaliten menika gegayutan kaliyan kapitadosan masarakat Sarangan bilih Tlaga Pasir menika papan sakral, pramila dipunwontenaken tradhisi larung. Ancasing kangge wujud raos syukur dhumateng Gusti saha para leluhuripun, ingkang sampun paring keslametan, kamulyan, saha berkah kangge warga mliginipun dipunlampahi larung sesaji menika wujud panagkal balak supados masyarakat dipuntebihaken saking bebaya wonten ing Desa Sarangan. Tradhisi larung sesaji menika taksih dipuntindakaken dening masarakat penyengkuyungipun minangka upaya *pencegahan kecelakaan* sarta mengeti tumapakipun warsa Ruwah. Warga masarakat Sarangan nyengkuyung sanget wontenipun tradhisi larung sesaji menika kanthi ancas kangge nglestantunaken tradhisi ingkang sampun kalampahan puluan taun kepengker wiwit tahun 1983 dumugi samenika saha narik kawigatosan wisata tumrap masarakat ing sajabaning Sarangan.

Adhedhasar underaning prakawis ing nginggil ingkang prelu dipunwatesi supados prakawis ingkang badhe dipunrembag saged langkung mligi. Watesaning prakawis kaadharaken wonten ing ngandhap menika.

1. Asal-usul tradhisi larung sesaji wonten ing Tlaga Pasir Desa Sarangan Kecamatan Plaosan Kabupaten Magetan.

2. Lampahing tradhisi larung sesaji wonten ing Tlaga Pasir Desa Sarangan Kecamatan Plaosan Kabupaten Magetan.
3. Sesaji ingkang dipunginakaken saha makna *simbolik*-ipun tradhisi larung sesaji wonten ing Tlaga Pasir Desa Sarangan Kecamatan Plaosan Kabupaten Magetan.
4. Paedah kangge masarakat dipunwontenaken tradhisi larung sesaji wonten ing Tlaga Pasir Desa Sarangan Kecamatan Plaosan Kabupaten Magetan.

Wonten ing panaliten menika naliti bab tradhisi larung sesaji. Miturut Endraswara (2011:1) ngandharaken bilih tradhisi lesan inggih menika saperangan karya seni ingkang dipunlesanaken, temtu dereng sedayanipun saged. Miturut Sumarsih (1990:35) larungan inggih menika mbucal satunggaling barang ing toya, papanipun saged wonten ing lepen utawi. Tegesipun larungan menika maringi sesaji marang roh alus ingkang mbaureksa ing satunggaling papan. Endraswara, (2003:195) ngandhraken sesaji menika arupi *aktualisasi* saking penggalih, kekajengan, saha pangraos tiyang ingkang nindakaken supados saged manunggaling kawulaning Gusti.

## CARA PANALITEN

### Jinising Panaliten

Panaliten tradhisi Larung sesaji wonten ing Tlaga Pasir desa Sarangan, Kecamatan Plaosan, Kabupaten Magetan menika ngginakaken metode panaliten *kualitatif*. Wonten ing panaliten menika panaliti nindakaken panaliten langsung wonten ing panggenan supados saged manggihaken data *deskriptif* ingkang saged mangsuli perkawis-perkawis wonten ing panaliten.

### **Setting Panaliten**

Panaliten tradhisi Larung Sesaji dipuntindakaken wonten ing Tlaga Pasir Desa Sarangan Kecamatan Plaosan Kabupaten Magetan. Kabupaten Magetan menika kalampahan wiwit cecawis tradhisi ing dinten Kamis Pahing surya kaping 27 April 2017 ngantos dumugi pungkasaning tradhisi larung sesaji ing dinten Jumat Pon surya kaping 28 April 2017.

### **Data, Pirantining Panaliten, saha Caranipun Ngempalaken Data**

Sumbering data wonten ing panaliten inggih menika *informan*. *Informan* inggih menika priyantun ingkang kagungan seserepan saha pengalaman ingkang jangkep ngengingi babagan ingkang nembe dipuntliti. Teknik ingkang dipunginakaken kangge nemtokaken *informan* wonten ing panaliten menika ngginakaken *teknik purposive sampling*. Cara ngempalaken data ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika ngginakaken *teknik berperan serta (observasi berpartisipasi)* saha *wawancara mendalam*. Anggenipun pados data babagan tradhisi larung sesaji menika ngginakaken satunggaling piranti kangge mbiyantu pados data ingkang akurat. Piranti menika dipunsebat instrumen panaliten.

### **Caranipun Nganalisis Data**

Caranipun nganalisis data ingkang dipunginakaken inggih menika analisis *induktif*, *Analisis induktif* dipunginakaken kangge mbiji saha ngolah data, Cara ngesahaken *data* wonten panaliten menika ngginakaken *teknik triangulasi*. *Triangulasi*

ingkang dipunginakaken inggih menika *triangulasi metode saha triangulasi sumber*.

## **ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN**

### **1. Asiling Panaliten**

Asiling panaliten ngandharaken asal-usulipun tradhisi larung sesaji rikala saderengipun taun 1983 wonten ing Tlaga Pasir asring wonten kadadosan-kadadosan aneh saha asring wontenipun kacilakan ngatos wontenipun korban jiwa, supados boten wonten kadadosan-kadadosan ingkang kados mekaten mila dipunwontenaken tradhisi larung sesaji ngantos dumugi samenika. Lampahing tradhisi larungan menika kaperang dados kalih tahap inggih menika cecawis saha lampahing tradhisi. Cecawis menika wujudipun wonten rapat panitia, cecawis papan saha sesaji. Lampahing malem tirakatan saha tradhisi larungan. Lampahing malem menika wosipun wonten wilujengan wonten ing pulau, tasyakuran wonten ing pepundhen sarta pager desa. Lampahing tradhisi larungan Jumat Pon menika wosipun kirab. pambuka, pasrah tampi rombongan, ngalrung sesaji wonten ing satengahing tlaga sarta wilujengan sesarengan kaliyan masarakat Sarangan. Ancasing dipunwontenaken tradhisi larung sesaji menika minangka sarana nyenyuwun keslametan dhateng Gusti Inggang Maha Kuwaos. Wonten ing salebeting tradhisi larungan menika ngginakaken maneka werni sesaji ingkang dipuncawisaken minangka wujud simbolik kangge nggayuh ancas-ancas ingkang sampun dipunkajengaken.

### **2. Pirembagan**

### a. Asal-usul Tradhisi Larung Sesaji

Asal-usul wontenipun tradhisi larung sesaji dipuncariyosaken dening Bapak Sunarto lan Bapak Sastro Supar. Rikala taun 1983 dipunwontenaken pasamuwan kaliyan para sesepuh, tokoh agama, seperangkat desa Sarangan. Saking pasamuwan menika dipunsarujuki menawi dipunwontenaken tasyakuran sarta dedonga sesarengan kathi nglarung sesaji ing tlaga. Cariyos asal-usulipun tradhisi larungan menika wonten kalih *versi*. *Versi* ingkang angka setunggal gegayutan kaliyan mitos menawi Tlaga Pasir menika papan ingkang sakral, dene *versi* ingkang angka kalih inggih menika gegayutanipun kaliyan adat tradhisi masarakat kangge mengeti tumapakings warsa Ruwah dintenipun Jumat Pon. Gegayutan kaliyan mitos rikala jaman rumiyin wonten piyantun ingkang asmanipun Kyai Pasir lan Nyai Pasir murco wonten tlaga pasir. Wontenipun kadadosan menika ingkang ndhasari dipunwontenaken tradhisi larung sesaji ngantos dumugi samenika.

### b. Lampahing Tradhisi Larung Sesaji

#### 1) Cecawis

Cecawis ingkang dipuntindakaken woten rapat panitia, cecawis papan Tradhisi, sarta cecawis sesaji tradhisi larungan.

##### a) Rapat Panitia Larung Sesaji

Rapat tradhisi larung sesaji ingkang pungkasan dipunwontenaken dinten Senin Kliwon surya kaping 10 April 2017. Rapat dipunwontenaken ing Kantor Kelurahan Desa Sarangan, dene ingkang rawuh tiyang ingkang kasusun saking sedaya pegawai Kantor Kelurahan Sarangan, tokoh masarakat, Polsek Kecamatan Pasir, sarta saking dinas instansi

sanesipun. Rapat menika ngrembag babagan panitia, babagan paraga sarta sumbering beaya kangge tradhisi larung sesaji.

##### b) Cecawis Papan Tradhisi Larung Sesaji

Cecawis menika awujud pasang terop, pasang panggung, *soundsystem*. Dinten Kamis Pahing surya kaping 27 April 2017 cecawis ngriyas papan tasyakuran ing pepundhen kanthi gelar klasa ing pepundhen kaliyan kursi dipuntata wonten ngajeng panggung.

##### c) Cecawis Sesaji Tradhisi Larung Sesaji

Sesaji ingkang dipuncawisaken kangge larungan menika wonten sesaji kangge adicara wilujengan ing pulau, tasyakuran wonten ing pundhen, sesaji pager desa sarta sesaji kangge larungan Jumat Pon.

##### (1) Sesaji Pager Desa

Sesaji pager desa menika wujudipun wonten sesaji menda kendhit kaliyan sesaji cok bakal. Cok bakal menika kadamel saking sekar telon, tigan jawi, lombok, miri dipunwadahaken dhateng takir.

##### (2) Cecawis Sesaji Wilujengan ing Pulau

Sesaji wilujengan wonten ing pulau menika wujudipun wonten sesaji panggung tumpeng komplit wujudipun wonten kembang telon, pisang raja, pisang mas, sekar gantalan lan arta utawi kancing wajib, susu pethak, ses, menyan ratus.

##### (3) Cecawis Sesaji larungan Jumat Pon

Wujudipun sesaji tumpeng jangkep menika dipunlarung wonten tengah-tengah tlaga menika wonten tumpeng kaliyan panggung komplit lelawuhan, pisang mas, pisang raja, cok bakal, sekar gantalan arta wajib kaliyan jajan pasar sarta pudhak ripeh jangkep

kangge wilujengan sasampunipun nglarung sesaji.

a) Panggang tumpeng jangkep

Panggang saha tumpeng komplit lelawuhan menika wonten sayur lodeh srundeng, kering, panggang, cok bakal, mie, krupuk/rempeyek, jajan pasar, sekar gantalan, kancing wajib, gedhang mas.

b) Jenang Abang Putih Tulang Sengkala

Jenang abang putih menika wujudipun wonten jenang abang lan jenang putih. Anggenipun ndamel jenang abang lan jenang putih menika tepung beras dipunsukani santen kaliyan sarem lajeng dipunmasak ngantos dados jenang. Menawi sampun mateng dipuncidhuk sacekapipun kangge damel jenang putih. Lajeng sisanipun dipunsukani gendhis jawi supados dados jenang abang. Jenang abang putih menika jenang putih ingkang dipunsukani sekedhik jenang abang ing nginggilipun.

c) Sekul Golong

Sesaji ingkang dipunsebat sekul golong menika sami kaliyan sekul biasa, ananging namung beda wujudipun. Sekul golong ingkang dipundamel kangge wilujengan menika sekul golong lima. Sekul golong menika dipundamel saking uwos ingkang sampun dipunmasak lajeng dipunbentuk golong utawi bunder, dipunbuntel *daun pisang* sarta komplit kaliyan lelawuhan wonten wadhah takir.

d) Pudhak Ripeh Jangkep

Pudhak ripeh jangkep menika asiling bumi awujud bahan saking sanesipun wos kaliyan pala pendhem. Wosipun bahan saking sanesipun wos menika saking ketan jadah cemeng, jadah pethak, jadah jene, jadah abrit, dhawet. Dene pala pendhem menika wonten

kupat, lepet, lan manekawerni pala pendhem. Wondene pala pendhem menika wujudipun maneka werni tetanduran ingkang dipunpendhem kadosdene tela rambat pethak, tela rambatwungu, tela rambat kuning, tela kaspé, lan kacang.

**c. Lampahing Tradhisi Larung Sesaji**

a) Wilujengan wonten ing pulau

Dinten Kamis Pahing Surya kaping 27 April 2017 tabuh 15.30 wilujengan dipunwontenaken ing pulau. Dene ingkang rawuh sesepuh Sarangan, Bapak Lurah, Bapak Kamituwo, sarta Bapak carik. Acara dipunbuka kaliyan Bapak Sastro supar salajengipun ingkang mimpin donga Bapak Soetowo minangka sesepuh Sarangan kalajengaken wilujengan sesarengan wonten ing pulau

b) Tasyakuran wonten ing pepundhen

Tasyakuran menika dipunwontenaken ing Pepundhen Desa Sarangan, dene ingkang rawuh saking sesepuh Desa Sarangan, sedaya perangkat Kelurahan Desa Sarangan, sarta para tamu undhangan. Acara tasyakuran dipunwiwiti kanthi sambutan saking ketua panitia dipunlajengaken atur pambagyaharja sarta ingkang pungkasan acara hiburan tarian gambyong.

(1) Wosing Tasyakuran

Tasyakuran menika sejatosipun sami kaliyan slametan. Piyantun ingkang rawuh nalika tasyakuran wonten 30 tiyang ingkang kasusun saking sesepuh Desa Sarangan, tokoh masyarakat, sarta panitia larungan kalajengaken Bapak Sastro Supar paring sambutan dhumateng para warga masarakat saha tamu undhangan ing malem tirakatan. Inggang maos donga ing tastakuran menika

Bapak Soetowo sedaya peserta tasyakuran sami dedonga kanthi khidmat. Kapungkasan kanthi kembulan sesarengan.

(2) Pager Desa

Tabuh 23.00 WIB prosesi pager desa kawiwitan. Inggang dipuntanem sepisanan inggih menika sirah menda kendhit, wonten ing pepundhen tлага pasir anggenipun ngubur sirah menda kendhit kaliyan setunggal cok bakal wonten ing siti ingkang sampun dipunkedhuk lajeng dipunurug. Papan kangge ngubur suku menda wonten ing Pojok-pojok penjuru Desa Sarangan, menika wonten ing Desa Ngluweng, Desa Mandoran nginggil, Mandoran ngandhap, kaliyan Desa dadi.

**d. Lampahing Larung sesaji**

1) Kirab

Paraga tradhisi larung sesaji mlampah wiwit Kantor Kelurahan Sarangan tumuju pepundhen sakinggiripun tлага. Ancasing kirab menika kangge mengeti warsa Ruwah tradhisi larung sesaji saha para warga masarakat saged nguri-nguri budaya sarta ningali kanthi kidmat ingkang sampun dipunlampahi setaun sepindah ing Desa Sarangan.

2) Pambuka

Tabuh 08.30 WIB rombongan Bapak Lurah kaliyan kelompok kejawen Desa Sarangan dugi wonten papan tradhisi ingkang mapan ing sangajenging hotel kintamani pepundhen sakinggiring tlagi pasir. Rombongan bapak lurah dipunsambut kaliyan ketua panitia. Bapak Jaka Santoso saha Bapak Parmin minangka pranataadicara mbikak prosesi tradhisi larung sesaji.

3) Pasrah Tampi Rombongan

Adicara pasrah tampi rombongan menika saking sesepuh adat Bapak Sastro Supar, dipuntampi dhumateng ketua panitia Bapak Sunarto. Kathi pangajap mliginipun kangge sedaya warga Desa Sarangan lan umumipun pinaringan kawilujengan, ketentreman, kebagaswarasan, kathah lan barokah rejeknipun saha bagya mulya gesangipun.

4) Wosing Tradhisi Larung Sesaji

a) Nglarung Tumpeng Jangkep

Bapak Soetowo mbekta tumpeng agung tumuju Tлага Pasir. Tumpeng dipunpapanaken ing prahu *Speeboat*, dipundherekaken sedaya perangkat desa Kelurahan Sarangan. Saderengipun dipunlarung uborampe sesaji menika dipunwaosaken donga kaliyan Bapak Soetowo minangka sesepuh adat. Dumugi satengahing tлага tumpeng dipunlelepaken. Menawi tumpeng sampun keelep, panglarung sesaji wangsul dhateng pepundhen.

b) Sambutan Ketua Panitia

Sambutan ketua panitia dipunsalirani dening ketua umum larung sesaji inggih menika Bapak Sunarto ngaturaken sugeng rawuh dhumateng para rawuh, para undhangan, saha para panitia sarta rombongan kalajengaken ngaturaken mapinten-pinten kagiyatan ingkang sampun katindakaken kangge nyengkuyung larungan.

c) Sambutan Sesepuh Sarangan

Sambutan dipunsalirani dening Bapak Soetowo. Wonten ing salebeting sambutan saking Bapak Soetowo ngaturaken kathi pangajap mliginipun kangge sedaya warga Kelurahan Sarangan lan umumipun kangge warga Desa Sarangan pinaringan kawilujengan, ketentreman, kebagaswarasan, kathah lan

barokah rejekipun saha bagya mulya gesangipun.

d) Donga

Adicara larung sesaji ingkang pungkasan inggih menika donga. Donga dipunpandhegani dening bapak Soetowo. Sasampnipun dipundongani sedaya sesaji wilujengan saking warga masarakat dipundalaken piyambak-piyambak dipuntata ing satengahing papan wilujengan. Sakderengipun para warga kebulan sesarengan adat ingkang sampun kalampahan wiwit rumiyin warga masarakat sami nguncalaken buntelan tumpeng wonten ing tloga. Buntelan menika wosipun sekul jangkep lawuhanipun sesuwir panggang.

e) Hiburan Reog Singo Budoyo Singo Langu

Adicara ingkang pungkasan inggih menika hiburan Reog singo budoyo Singo langu. Reog singo budoyo inggih menika asli saking Desa Singo Langu Kecamatan Plaosan, Kabupaten Magetan.

**A. Sesaji saha Makna Simbolik**

**1. Sesaji Wilujengan**

1) Sekul Golong

Sekul golong kangge wilujengan menika sekul golong lima. Sekul golong nglambangaken manunggaling masarakat ing Kecamatan Pasir ingkang tansah regeng, guyub rukun.

2) Jajan Pasar

Jajan pasar menika mujudaken manekawerni jajanan ingkang dipunsade wonten ing peken, wujudipun dawet, rengginan, tape, kacang, krupuk. Jajan pasar menika nglambangaken pagesanganipun manungsa supados gangsar. Anggenipun pados

nafkah utawi pados pangupa jiwa sabendintenipun menika lancar.

3) Jenang Abang Putih Tulak Sengkala

Jenang-jenang menika nglambangaken gesangipun manungsa. Jenang abang nglambangaken ibu bumi utawi Hawa. Jenang putih nglambangaken bapa bumi utawi Adam. Dene jenang tulak sengkala menika simbol tolak bala.

4) Pudhak Ripeh

Pudhak ripeh jangkep menika isinipun asiling bumi. sesaji wilujengan awujud pudhak ripeh menika mujudaken asiling bumi Serangan ingkang barokah, anggenipun olah tetanen menika kasil. Jumbuh kaliyan papan panggenaning tradhisi larung sesaji ingkang wonten ing desa Sarangan, mila medalipun asiling tetanen kasil.

5) Kembang Gantal, Kancing Wajib

Kembang gantal menika pralambang panca indra manungsa. Manungsa menika ampun kesupen marang Ngarsanipun Gusti Allah. Menawi arta menika tebusan saking pamangku hajat istilahipun kangge sodaqoh saikhlasipun.

6) Ses Crutu

Ses menika mujudaken sesaji kangge ngormati leluhur, leluhur rumiyin remen ngrokok ugi pikantuk berkah saking leluhur.

7) Pisang Raja saha Pisang Mas Setangkep

Pisang dipunpilih saking pisang raja ingkang eca raosipun sarta gandanipun arum. Pisang menika dipunpilih ingkang ageng-ageng, resik, lan sampun mateng. Setangkep menika gadhah teges nangekake tiyang ingkang samia pados nafkah.

8) Susu Pethak



Susu pethak menika gadhah makna simbolik nampi salah satunggaling pakurmatan, kedah ngormati kaliyan bebrayan sanes.

#### 9) Menyan Ratus

Menyan menika perangan saking adat, dados menyan wonten tradhisi larung sesaji menika kangge masrahaken, ngundhang roh ghaib, sarana kangge nyenyuwun dhumateng Gusti Allah ingkang Maha Kuwaos.

#### 10) Sekar Telon

Sekar telon menika gadhah makna simbolik asalipun tiyang gesang menika saking tri tunggal ingkang ngemut teges manunggaling Tuhan-Bapak-Ibu. Sanesipun tigang werni sekar menika nglambangaken kodrat utawi takdiripun dhumateng Gusti Ingkang Murbeng Dumados.

### 2. Sesaji Pager Desa

#### 1) Suku saha Sirah Menda Kendhit

Sesaji arupi suku menda kendhit menika pralambang kangge tolak bala. Dene sirah menda kendhit menika simbol saking sifat sombong. Ancasipun sirah menda kendhit menika dipunkubur supados boten wonten raos permusuhan.

#### 2) Cok Bakal

Sesaji awujud cok bakal menika gadhah pralambang kangge tolak bala. Ingkang dipuntolak bala menika menapa mawon ingkang sumberipun saking setan ingkang saged ngganggu gesangipun manungsa.

### 3. Sesaji Larungan Jumat Pon

#### 1) Panggang

Sesaji arupi panggang mujudaken raos lila berkurban. Lila kurban menika

dipunwujudaken kaliyan wujud ingkang kadamel kados patrap pasrah dhateng Gusti.

#### 2) Tumpeng Jangkep

Tumpeng ateges metua dalan ingkang lempeng, utawi lurus, saged wilujeng. Tumpeng ingkang dipundamel kerucut gadhah makna menawi sedaya pinuwunan dipuntujukaken dhumateng Gusti, kanthi pangajab menapa ingkang dados pepinginan umatipun saged dipunajab dening Gusti.

### B. Paedahing Tradhisi Larungan

#### 1. Pinuwunan Kawilujengan

Tradhisi larung sesaji menika minangka sarana pencegah kacilakan ing tlaga sarta minangka sarana kangge nyenyuwun kawilujengan dhateng Gusti Ingkang Maha Kuwaos.

#### 2. Ngrembakakaken Pariwisata Tlaga Pasir

Tradhisi menika saged narik kawigatosaning para wisatawan lokal lan wisatawan saking mancanegari, saengga wontenipun larungan menika ndadosaken wisata Tlaga Pasir regeng. Saged ndamel papan wisata Tlaga Pasir menika rame awit kathahipun para wisatawan ingkang sami dugi ing Sarangan.

#### 3. Ngindhakaken Asiling *Ekonomi* Warga

Kathah para warga desa Sarangan ingkang sadean ing sakitaring tlaga. Wujud ingkang bebakulan masarakat menika wiwit papan penginapan, tukang kudha, persewaan kapal, dhedhaharan, omben-omben, woh-wohan asli tlaga pasir, dolanan lare, rasukan kaos oblong, aksesoris. Sarana kangge ngrembakakaken pariwisata tlaga pasir, saged ngindhakaken *ekonomi* warga sakitar Sarangan,

awit kathahipun para warga ingkang ngalab berkah kanthi cara sadean.

## DUDUTAN SAHA PAMRAYOGI

### Dudutan

1. Asal-usulipun Tradhisi larung Sesaji menika wonten kalih *versi*. Inggih angka setunggal gegayutan kaliyan mitos menawi Tlaga Pasir menika papan ingkang sakral, ing tlagas asring wonten kecelakaan kadasta kathah tiyang kecemplung sawetawis *mancing*, angin ribut, ngagem rasukan ijo dipunganggu makhluk ingkang mbaureksa ing tlagas, ingkang angka kalih inggih menika gegayutan kaliyan adat tradhisi masarakat Desa Sarangan kangge mengeti tumpaking warsa Ruwah. Bapak Sunarto minangka Kamituwo ngundhang para sesepuh sarta saking unsur pemerintahan kangge ngrembag *fenomena* ingkang wonten ing Tlaga Pasir, saengga dipunsarujuki dipunwontenaken larungan wiwit taun 1983 ngantos dumugi sakmenika.
2. Tahapan tradhisi larungan menika wonten kalih inggih menika cecawis tradhisi sarta prosesi utawi lampahing tradhisi. Cecawis tradhisi larungan menika wonten rapat panitia, cecawis papan tradhisi, sarta cecawis sesaji. Dene lampahing tradhisi larungan menika wonten kalih inggih menika malem tirakatan sarta larungan enjing. Lampahing malem tirakatan menika wonten tirakatan, hiburan, lan pager desa, dene lampahing larungan enjing wonten kirab, pambuka, pasrah tampi rombongan sarta sarta wosing larungan inggih menika

nglarung sesaji ing Tlaga Pasir lan wilujengan sesarengan kaliyan para warga masarakat desa sarangan.

3. Sesaji saha makna simbolik ingkang dipunginakaken kangge larungan menika kangge mahyakaken raos sukur warga dhateng Ngarsanipun Gusti Allah supados warga masarakat penyengkuyung pinaringan kawilujengan, katentreman, lan kebagaswarasan.
4. Tradhisi larung sesaji menika gadhah paedah tumrap warga penyengkuyungipun, inggih menika minangka sarana *pencegah* kacilakan sarta kangge nyenyuwun keslametan dhumateng Gusti. Sasanesipun minangka sarana kangge ngrembakakaken pariwisata Tlaga Pasir saha wontenipun tradhisi larungan menika saged ngindhakaken *ekonomi* warga sakitar masarakat Sarangan, awit kathahipun para warga ingkang ngalab berkah kanthi cara sadean.

### Pamrayogi

Wontenipun tradhisi larung sesaji ingkang dipuntindakaken dening warga Desa Sarangan, Kecamatan Plaosan, Kabupaten Magetan menika nggadhahi potensi wisata tumrap pemerintah Kabupaten Magetan. Supados kabudayan menika boten ical ing satengahing jaman modern, mila kabudayan menika kedah dipunuri-uri saha dipunlestantunaken, saged ugi dipunginakaken kangge sarana promosi wisata budaya ing Kabupaten Magetan.

## KAPUSTAKAN

- Danandjaja, James. 1994. *Folklor Indonesia Ilmu Gosip Dongeng dan Lain-lain*. Jakarta : Pustaka Utama Grafiti.
- Endraswara, Suwardi. 2010. *Folklor Jawa*. Jakarta: Penaku
- \_\_\_\_\_.2006. *Metodologi Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta: UGM.
- \_\_\_\_\_.2011. *Metodologi Penelitian Sastra Lisan*. Yogyakarta : Kanwa Publisher.
- \_\_\_\_\_.2003. *Metodologi Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- \_\_\_\_\_. 2003. *Mistik Kejawen*. Yogyakarta: Narasi.
- Herusatoto, Budiono. 2008. *Simbolisme Jawa*. Yogyakarta : Ombak.
- Koentjaraningrat. 1990. *Beberapa Pokok Antropologi Sosial*. Jakarta: Dian Rakyat.
- \_\_\_\_\_. 2009. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Edisi Revisi. Jakarta: Rineka Cipta.
- \_\_\_\_\_. 2015. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Edisi Revisi. Jakarta: Rineka Cipta.
- \_\_\_\_\_. 1984. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Moloeng, J. Lexy. 2014. *Metode penelitian kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.
- Nasution, Muhammad Syukri,dkk. 2015. *Ilmu Sosial Budaya Dasar*. Jakarta : PT. Raja Grafindo Persada.
- Poerwadarminta. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia : J.B. Wolters.
- Sugiyono. 2015. *Metode Penelitian Pendidikan; Pendekatan kualitatif, kuantitatif, dan R&D*. Bandung: Alfabeta
- Sumarsih, Sri, dkk. 1989/1990. *Upacara Tradhisional Labuhan Kraton Yogyakarta*. Yogyakarta : Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Tim Penyusun. 2017. *Suplemen Pedoman Tugas Akhir TAS/TAKS/TABS*. Yogyakarta : Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta.
- Tim Penyusun. 2017. *Panduan Tugas Akhir*. Yogyakarta : Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta.
- Umayu, Febi Sonita. 2014. *Upacara Tradhisi Labuhan Ageng ing Seganten Sembukan, Desa Paranggupito, Kecamatan Paranggupito, Kabupaten Wonogiri*. Skripsi S1. Yogyakarta : Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta.

